



Èske yon moun ou renmen bezwen èd avèk depans pou preskripsyon li?

Sekirite Sosyal ak Sant Pou Sèvis Medicare ak Medicaid yo ap travay ansanm pou fè benefisyè Medicare jwenn èd siplemantè pou peman medikaman doktè preskri yo. Ou kapab ede yon moun ou renmen aplike pou jwenn èd siplemantè sa a. Pou detèmine si moun nan ka elijib pou èd siplemantè a, Sekirite Sosyal ap bezwen konnen revni moun nan ak kantite lajan li genyen nan kont-depay li, kantite lajan li genyen nan investisman li ak byen imobilye li (ki pa kay li abite a). Pou kalifye pou jwenn èd siplemantè a, moun nan dwe genyen:

- Revni anyèl ki pa dwe depase limit \$15600 pou yon moun oswa \$21000 pou 2 moun marye k ap viv ansanm. Menm si revni anyèl li depase limit sa yo, moun ou an toujou ka an mezi pou li jwenn kèk èd avèk prim pa mwa yo, franchiz chak ane yo ak kopeman sou preskripsyon yo. Men kèk egzanp kote revni yo ka pi wo, si li menm oswa mari/madanm li:
 - Ap sipòte lòt manm fanmi an k ap viv avèk yo;
 - Ap touche lajan nan travay; oswa
 - Ap viv nan Alaska oswa Awayi; epi
- Resous ki pa depase \$11990 pou yon moun oswa \$23970 pou 2 moun marye k ap viv ansanm. Resous yo enkli byen tankou kont labank, aksyon avèk obligasyon. Nou **pa** konsidere kay yo ak oto yo kòm resous.

Sa ou bezwen konnen

Sekirite Sosyal te devlope yon aplikasyon manm fanmi yo, moun k ap bay swen, ak lòt twazyèm pati ankò kapab ranpli pou ede benefisyè Medicare aplike pou èd siplemantè a. Fèy kesyon sa a ka ede ou ranpli fòmilè aplikasyon an pou jwenn èd siplemantè a. Sonje fèy kesyon sa a **pa** reprezante yon fòmilè aplikasyon.

Mande manm fanmi ou yo pou yo:

- Idantifye tout byen yo posede poukont yo, byen yo posede avèk mari oswa madanm yo oswa avèk yon lòt moun. Yo **pa** enkli kay yo, otomobil yo, plas nan simityè yo, oswa byen pèsònèl yo.
- Revize tout revni yo.
- Rasanble dosye yo davans pou pa pèdi tan.

Men kèk dokiman k ap ede manm fanmi ou yo pare davans:

- Etadkont ki montre balans kont yo gen labank, nan koperativ oswa nan lòt enstitisyon finansyè;
- Etadkont investisman yo;
- Enfòmasyon sou kontra asirans-vi yo;
- Sètifika aksyon;
- Fòm taks;
- Lèt ki endike yo pran pansyon; ak
- Souch chèk salè.

Kòmman ou ka jwenn plis enfòmasyon?

Ou kapab aplike sou entènèt tou nan wèbsayt www.socialsecurity.gov. Pou aplike nan telefòn oswa pou jwenn yon aplikasyon, rele Sekirite Sosyal nan nimewo **1-800-772-1213** (TTY **1-800-325-0778**) epi mande pou fòm *Aplikasyon pou Èd nan plan Medicare pou peman Medikaman sou preskripsyon* (SSA-1020).

Pou jwenn plis enfòmasyon sou plan Medicare pou medikaman sou preskripsyon ak sou peryòd espesyal pou anwolman, rele gratis nan **1-800-MEDICARE** (**1-800-633-4227**; TTY **1-877-486-2048**) oswa vizite www.medicare.gov. Medicare kapab fè ou menm oswa manm fanmi ou konnen tou biwo ki nan zòn ou ki ka ede nan zafè Plan Medicare pou medikaman sou preskripsyon.

Tanpri kontinye nan palòtbò paj sa a pou fin ranpli fèy kesyon an.

(kontinye)

Nou bezwen konnen enfòmasyon sou revni ak resous yo (ak revni ak resous konjwen yo, si yo marye epi y ap viv ansanm):

Non

Nimewo Telefòn

Resous	Valè
Kont labank, (kont kouran, kont-depay ak sètifika depo, oswa depo a tèm)	\$ _____
Aksyon, obligasyon, bon kès trezò, fon plasman an komen, kont retrèt endividyèl (IRA) oswa lòt envestis	\$ _____
Lajan kach ki lakay yo oswa ki nen-pòt lòt kote	\$ _____
Kontra Asirans-Vi pou manm fanmi ou yo (ak konjwen yo, si yo marye epi y ap viv ansanm)	\$ _____
<p>REMAK: Sekirite Sosyal bezwen konnen ki kantite lajan aplikan an oswa konjwen li ka resevwa si yo ta konvèti kontra asirans-vi yo an lajan kach jodi a. Mande yo pou yo tcheke sa avèk konpayi asirans yo oswa avèk ajan konpayi asirans lan, pou konnen valè kach egzat la. Pètèt vale kach la mwens pase kantite lajan yo asire pou li a.</p>	
Nenpòt byen imobilye ki pa kay yo abite a	\$ _____

Revni	Kantite lajan pa mwa
Benefis Sekirite Sosyal	\$ _____
Benefis retrèt pou travay sou vwa fere (ray tren)	\$ _____
Benefis Veteran (militè retirete)	\$ _____
Lòt pansyon oswa anwite	\$ _____
Pansyon Alimantè	\$ _____
Tout revni pou lwaye	\$ _____
Konpansasyon Travayè	\$ _____
Èd ki resevwa nan men lòt moun pou fè depans nan kay la, tankou pou manje, prè ipotek oswa lwaye, kon-bistib oswa gaz pou chofaj, elek-trisite, dlo ak taks sou kay (enpo lokatif)	\$ _____
Salè	\$ _____
Salè nèt pou travay endepandan	\$ _____
Lòt revni	\$ _____